



29 janvye 2019

Pou Paran, Fanmi kap bay Swen ak Patisipan:

Konsènan: Chanjman Enpòtan nan Children's 1915 (c) Waiver Program (Pwogram Egzonerasyon 1915(c) pou Timoun)

Dapre dosye nou ou patisipe nan youn nan pwogram egzonerasyon Children's 1915 (c) Home and Community Based Services (HCBS) (Sèvis nan Kay ak Kominotè 1915(c) pou timoun) yo. Lèt sa se pou enfome w ke leta Nou Yok ap chanje fason timoun pral jwenn HCBS.

Kisa kap chanje e ki lè?

Egzonerasyon ki annapre yo ap konbine nan yon nouvo egzonerasyon pou Timoun:

- Egzonerasyon Office of Mental Health (OMH) (Biwo Sante Mantal) pou Pwoblèm Emosyonèl Grav (SED)
- Egzonerasyon Office for People with Developmental Disabilities (OPWDD) (Biwo pou moun ki gen andikap devlopman) Swen nan Kay pou Moun
- Egzonerasyon Office for Children and Family (OCFS) (Biwo pou timoun ak fanmi) Health Bridges (B2H) (Pon Sante), Egzonerasyon SED, Egzonerasyon B2H Developmental Disabilities (DD) (Andikap Devlopman), ak egzonerasyon B2H Medically Fragile (Moun Sante Frajil)

Kowòdonatè swen ou ap ede w rantre nan nouvo egzonerasyon pou Timoun konbine a. W ap toujou ka resevwa sèvis ou jwenn jodi a atravè nouvo egzonerasyon konbine pou Timoun lan.

Aprè tout timoun fin rantre nan nouvo egzonerasyon konbine pou Timoun lan, egzonerasyon 1915(c) yo ki anwo yo pral fèmen. Sa vle di egzonerasyon 1915(c) ou te genyen an pral fèmen nan dat 31 mas 2019.

Nòt Espesyal: Si w nan egzonerasyon Department of Health Care at Home (Depatman Swen Sante nan Kay) I/II 1915(C) a, egzonerasyon pa w la PAP fèmen. Ou pral rantre otomatikman nan nouvo egzonerasyon pou Timoun konbine a. Kowòdinatè swen ou ap esplike w kisa sa vle di pou ou ak pou fanmi w.

Eske sèvis timoun mwen yo ap chanje?

Pitit ou ap toujou resevwa menm sèvis yo. Sepandan, ou ka fè esperyans sèten chanjman. Pareganp, non sèvis la ka chanje. Fason ou resevwa sèvis la ka chanje. Fason yo jere swen an ka chanje. Pitit ou ka genyen plis opsyon sèvis.

Kowòdinatè swen ou ap esplike w kisa chanjman sa yo vle di pou w ou ak pou fanmi w.


Poukisa New York ap fè chanjman sa?

Konbinezon egzonerasyon sa yo pou yo fè yon sèl, vle di pwogram Medicaid Eta New York la ap an mezi pou l ofri plis opsyon sèvis pou timoun. Timoun kalifye gen dwa resevwa kèk HCBS yo pa ka jwenn pou kounye a.

E si mwen gen kesyon?

Si w gen kesyon sou chanjman sa, tanpri kontakte kowòdinatè swen ou oswa rele Department of Health (Depatman Sante) a nan 518-473-5569.

Sensèman,

A handwritten signature in black ink, appearing to read "Gregory S. Allen", with a long horizontal flourish extending to the right.

Gregory S. Allen, Direktè
Sèvis Devlopman ak Jesyon Pwogram Biwo
Pwogram Asirans Sante